



FICH TECHNIK

KIJAN POU NOU KONTWOLE MILDYOU POUD BLANCH NAN PWA AN AYITI

Qingren Wang, Shouan Zhang, and Teresa Olczyk¹
Joubert Fayette² te tradui epi adapte dokiman PP-311

Mildyou poud blanch (mildyou) se yonn nan maladi ke nou rankontre anpil nan pwa. Se yon chanpiyon ki rele *Erysiphe polygoni* ki koze maladi sa. Chanpiyon sa a kapab atake plizyè varyete pwa ke n plante an Ayiti sitou nan zòn imid tankou Kenskòf ak Divye. Maladi an kapab koze anpil dega nan jaden yo. Li enpotan anpil pou nou kapab rive idantifye maladi sa rapid, e konn kijan nou ka kontwole l'oswa pou n rive kwape l' pou nou ka redwi tout domaj ke li ka koze nan jaden yo.



Imaj 1. Mildyou poud blanch, Divye/Petyonvil

Sentòm (koman nou ka idantifye maladi sa)

Mildyou kapab atake tout pati nan plant pwa yo. Premye sentòm yo se yon bann ti tach blanch ki parèt sou fèy pwa yo (Imaj 1). Ti tach yo ka devlope jiska yo fòme yon poud blanch ki simayen sou tout fèy yo, epi tij yo. Fèy ki enfekte yo kapab koube, vin jòn pal oswa mawon, mouri, epi tonbe. Lè kondisyon nan aviwonman an bon pou maladi an devlope, tout fèy yak plant yo kapab kouvri ak anpil poud blanch ke chanpiyon an pwodwi (Imaj 2). Sentòm sou fèy ki enfekte yo ka varye selon varyete pwa yo. Men, jeneralman, mildyou sa ka lakòz fèy yo vin tòde oswa defòme. Chanpiyon sa pa grandi sou gous pwa yo anjeneral menmsi genyen kèk eksepsyon. Plant ki enfekte anpil yo kapab redwi rekòt lan an, diminye

1. Qingren Wang, ajan vilgarizasyon agrikòl pou zafè pwodiksyon legim komèsyal epi fomatè nan zafè pestisid, UF/IFAS Extension Miami-Dade County; Shouan Zhang, pwofesè, Depatman Fitopatoloji, UF/IFAS Tropical Research and Education Center; and Teresa Olczyk, direktè UF/IFAS Extension Miami-Dade County; UF/IFAS Extension, Gainesville, FL 32611.
2. Dokiman # PP-311, ki pwodwi pa UF/IFAS electronic data information source (EDIS), te tradui e adapte pa Joubert Fayette. Joubert Fayette, Ph.D., fè pati de ekip k ap pilote pwogram rechès Fitopatoloji (maladi plant yo) nan pwogram Appui à la Recherche et au Développement Agricole (AREA), Feed the Future, Haiti

peryòd pwodiksyon an, e menm mouri. Lè gen anpil imidite, maladi kapab koze gwo dega nan jaden pwa yo.

Kijan maladi sa ka devlope epi gaye

Chanpiyon an grandi tankou yon ti fil tou piti ki parèt sou fèy pwa ki enfekte yo. Maladi gaye prensipalman atravè yon estrikti ke yo rele espò. Nan poud blanch lan, gen yon pakèt espò. Van kapab simayen maladi sa sou lòt plant. Espò yo kapab jèmen, epi enfekte lòt pye pwa mensi pa gen dlo.



Imaj 2. Mildyou poud blanch nan yon stad ki trè avanse, Divye/Petyonvil

Jeneralman, mildyou pa bezwen dlo pou l grandi (Davis et al. n.d.). Men, enfeksyon an ap pi grav lè gen plis imidite. Pi bon kondisyon pou devlope maladi an se lonbraj, epi tanperati ki pa ni twò frèt, ni twò cho (15 °C a 27 °C) ak lonbraj. Maladi an p'ap byen devlope nan zòn ki fè cho anpil (plis pase 32 °C), epi pi gen anpil solèy (san lonbraj).

Kòman nou kapab kontwòle maladi sa

Prevansyon

Prevansyon se pi gwo metòd pou kontwòle mildyou poud blanch. Plante varyete ki rezistan a maladi sa si l disponib. Plante nan zòn ki gen ki pa gen lonbraj. Epi, swiv bon jan Pratik sou zafè jaden.

Pratik sou teknik fè jaden

Plante nan zòn kote lè an byen sikile, epi ki pa gen lonbraj. Si jaden yo aroze byen bonè nan maten, dlo ki tonbe sou fèy lan kapab diminye kantite espò yo. Men, kontwòl sa kapab k'ap favorize lòt tip de maladi ak ensèk nwizib.

Kontwòl ak pwodwi chimik (Fonjisid)

Nan jaden legim yo, agrikiltè kapab itilize kèk pwodwi chimik ki mwens toksik pou prevni, kontwòle ou dimwens elimine mildyou poud blanch. Nou kapab aplike kèk pwodwi chimik ki pwoteje pwa ki trè sansib a maladi an anvan menm ke sentòm yo kòmanse parèt. Lè maladi an gentan byen devlope, pwodwi chimik p'ap vrèman efikas kont maladi an. Nou dwe itilize sèlman pwodwi chimik ki rekòmande pou kontwòle chanpiyon sa nan pwa. Etikèt ki sou pestisid lan jeneralman endike pou ki plant, maladi osinon ensèk nuisib ke nou ta dwe itilize pwodwi an. Sinon, sa kapab koze gwo dega nan jaden an, e p ap kontwòle maladi an. Li enpòtan pou nou swiv enstriksyon ki sou etikèt fonjisid lan pou nou kapab pwoteje vi nou, lòt èd vivan ki nan anvwonman an.

Referans

Davis R. M., W. D. Gubler, S. T. Koike, M. L. Flint, and P. N. Galin. n.d. Plant Pathology, UC Statewide IPM Program, University of California, Davis, CA 95616.

Pernezney K., and W. M. Stall. 2005. Powdery Mildew of Vegetables. PP-14. Gainesville: University of Florida Institute of Food and Agricultural Sciences.

Schwartz H. F., J. R. Stedman, R. Hall, and R. L. Forster. 2005. Compendium of Bean Diseases, Second Edition. Eds. The American Phytopathological Society.